



NIMEWO AK TIT REGLEMAN:	RCM 116C Èd Finansye Pasyan ak Difikilte		
DEPATMAN:	Jesyon Sik Revni		
DAT APLIKASYON:	10/01/2019	DAT REVIZE	

OBJEKTIF LA: Pou asire manm pèsonèl Jesyon Sik Revni (Revenue Cycle Management, RCM) okouran règleman Èd Finansye Pediatric Associates la epi nan yon kowòdinasyon ak manm pèsonèl Biwo Devan an pou ede fanmi yo ak demach pou aplikasyon an..

RÈGLEMAN: Li se yon règleman nan Pediatric Associates pou bay èd finansye pou fanmi pitit ou gen bezwen swen sante epi yo pa gen asirans, yo pa gen ase pwoteksyon asirans, oswa yo pa ka peye pou swen ki nesèsè pou rezon medikal pitit yo selon sitiwayon ekonomik pa yo. Pediatric Associates (PA) rezève dwa li pou modifiye règleman sa a jan lwa ki apwopriye egzije sa ak pwosesis biznis reglye PA.

DEFINISYON:

Sèvis ki pa garanti yo defini tankou sèvis yo idantifye ki pa garanti kòm sèvis doktè a ap ofri nenpòt/pifò peyè jeneralman pa garanti.

Doktè ki p ap Patisipe a defini kòm, doktè ki pa fè pati rezo konpayi asirans pasyan an. Yo konsidere reklamasyon an pa patisipan epi pasyan an ap oblije peye poutèt li paske li pral responsab pou sèvis finansyè li resevwa yo.

Peman Pèsonèl defini kòm, yon pasyan ki peye pou sèvis pwofesyonèl a te bay ak pwòp lajan li epi li te kapab kredi, chèk pèsonèl, oswa chèk postal. Nan anpil ka pasyan an pa gen yon konpayi asirans ki apwopriye yo ka voye bòdwo ba li, asirans la pa egziste oswa li pa kalifye oswa li pa garanti sèvis yo te bay yo.

PWOSEDI:

A. DWE konnen enfòmasyon konsènan Kondisyon Kalifikasyon yo konsa:

Si pasyan / paran / responsab legal paka peye pou swen medikal ki nesèsè, li ka kalifye pou èd finansye si:

1. Li te aplike pou avantaj Asistans Medikal epi li pa satisfè kondisyon pou kalifye yo
2. LI se yon rezidan pèmanan peyi Etazini oswa yon etranje legal ki kalifye
3. Li fin itilize tout opsyon asirans li genyen yo
4. Li te ranpli yon aplikasyon pou èd finansye depi yon kalandriye epi li te bay tout dokiman ki obligatwa yo
5. Li satisfè egzijans finansyè selon revni, byen, ak dèyè li dwe



NIMEWO AK TIT REGLEMAN:	RCM 116 Èd Finansye Pasyan		
DEPATMAN:	Jesyon Sik Revni		
DAT APLIKASYON:	10/01/2019	DAT REVIZE	

Remak: Mande fanmi pasyan yo pou yo kontakte **Depatman** Faktirasyon Pediatric Associates nan (888) 313-9010 pou enfòmasyon sou admisyon ak pwosesis peman si yo pa sitwayen ameriken epi y ap viv deyò Etazini pandan yon ti tan.

- W ap jwenn paramèt pou plan peman yo anba la a. Pou kalkile konbyen pou w peye chak mwa, ou dwe satisfè peman minimòm chak mwa a ak kondisyon montan maksimòm pou repeye a.

Pwòp lajan ou	Kondisyon montan maksimòm pou repeye	Minimòm peman chak mwa
\$50 oswa mwens	Peye tout kòb la nan 30 jou	Peye tout kòb la nan 30 jou
\$51-\$100	3 mwa	10% balans la
\$101-\$300	6 mwa	10% balans la
\$301-\$500	10 mwa	10% balans la
\$501-\$1,000	12 mwa	10% balans la

B. Sa se responsablite manm pèsònèl nan resepsyon Pediatric Associates yo:

- Ede pasyan ki satisfè kondisyon kalifikasyon yo jan li endike anwo a nan seksyon A
- Bay pasyan ki gen enfòmasyon sou ki jan ak ki kote pou telechaje aplikasyon PA www.pediatricassociates.com, klike sou (Forms & Billing) (Fòm & Faktirasyon)
- Di pasyan yo y ap bezwen soumèt tout dokiman nan biwo Biznis la nan yon delè 30 jou apre vizit pou detèminasyon an
- Asire w aplikasyon an ak dokiman ki obligatwa yo ranpli epi siyen anvan ou soumèt nan BO a, si w ap de pasyan yo ak aplikasyon an
- Di pasyan yo lè yo soumèt yon aplikasyon ki pa konplè, nou pral jenere yon lèt bay garan an ki mande plis enfòmasyon pou bay nan yon delè 30 jou.
- Bay pasyan yo kopi regleman Èd Finansye a epi souliye ki kote pou yo voye aplikasyon an ak lot dokiman y ap voye ak li yo.

C. Sa se responsablite manm pèsònèl RCM Pediatric Associates yo:

- Revize Aplikasyon pou Èd Finansye a pou presizyon ak finalize li
- Ranpli paj 3 nan Aplikasyon pou Ed Finansye
- Pran kontak avèk pasyan an epi asire bagay sa yo:
 - Di pasyan an si gen lòt dokiman ki nesèsè
 - Di pasyan an nan ki pwen aplikasyon an ye (sètadi, apwouve, refize)



NIMEWO AK TIT REGLEMAN:	RCM 116 Èd Finansye Pasyan		
DEPATMAN:	Jesyon Sik Revni		
DAT APLIKASYON:	10/01/2019	DAT REVIZE	

4. Mete yon nòt nan sistèm nan ki sètifye manm pèsonel Biwo Resepsyon an te resevwa ak verifye tout dokiman yo pou eskane nan dosye pasyan an ak idantifye yo kòm (Dokiman Èd Finansye)
5. Sèvi ak kòd ajisteman pou trete peman yo

DOKIMAN SIPLEMANTÈ:

RCM 116A Règleman Èd Finansye
RCM 116B Lis Verifikasyon Èd Finansye
RCM 116C Aplikasyon pou Èd Finansye